

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Konvérsasi atawa paguneman mangrupa salasihiji kagiatan komunikasi. Pikeun maham struktur konvérsasi perlu dilakukeun analisis, salasihijina ku cara analisis saha nu nyarita jeung saha nu diajak nyarita. Konvérsasi dianggap penting dina lumangsungna prosés komunikasi, lantaran aya pihak anu dilibetkeun antara panyatur jeung pamiarsa dina prosés patukeurna informasi.

Nurutkeun Martyawati (2014, kc. 9) konvérsasi mangrupa kagiatan nu hésé, lantaran panyatur jeung pamiarsa kudu niténan waktu giliran nyarita (*turn talking*), penggelan pasangan paguneman (*adjacency pairs*), muka paguneman (*opening conversation*) sarta mungkas paguneman (*closing conversation*). Di sagigireun ti éta, Schegloff dina Martyawati (2014, kc. 9) nétélakeun yén konvérsasi téh miboga pola anu sipatna umum nu digambarkeun dina rumus “A-B-A-B”.

Dumasar kana rumus di luhur, hartina A salaku panyatur, B salaku pamiarsa anu saterusna miboga giliran nyarita pikeun silih témbal. Ieu rumus mangrupa gambaran tina kagiatan para panyatur dina ngalakukeun konvérsasi. Giliran nyarita (*turn talking*) para panyatur nyoko dumasar kana kaayaanana. Saupama konvérsasi lumangsung di rohangan kelas, hartina kudu aya panyatur nu ngamimitian muka paguneman. Satuluyna kudu bisa nempatkeun iraha waktuna nyarita sangkan informasi anu ditepikeun bisa dipikaharti ku kancamitra.

Salian ti prosés komunikasi sacara langsung, konvérsasi bisa dipaké dina wangun fiksi (karya sastra). Pakaitna konvérsasi jeung karya sastra bisa katitén ku ayana wujud dialog dina sawatara karya sastra anu diwangun ku gumulungna morfém, kecap, frasa, klausa, jeung wacana.

Wacana mangrupa peristiwa komunikasi basa nu puguh adeganana tur dalit gumulungna (*uniter*) dina wujud paripolah basa (Edmonson dina Sudaryat, 2016 kc. 2). Éta sababna, nurutkeun Samsuri dina Sudaryat (2016, kc. 2) mah wacana téh disebut rékaman basa panjembarna tina peristiwa komunikasi, boh dina médium lisan atawa tulisan, boh kajadianna langsung atawa teu langsung, boh sipatna transaksional (monolog) atawa interaksional (dialog).

Minangka unsur gramatikal pangjembarna, wacana bisa ngawujud karangan nu gembleng saperti naskah drama. Nurutkeun Sudaryat (2013, kc. 325) wacana drama atawa carita drama nyaéta wacana anu midangkeun carita atawa lalakon ku paguneman (dialog), diajangkeun pikeun diragakeun ku para pamaén (aktor) dina pagelaran. Wujud lahiriah wacana drama miboga hal-hal nu husus tur maranti, di antarana aya cacandran, pertélaan palaku, babak jeung adegan, paguneman, jeung prolog katut épilog.

Nurutkeun Canale (dina Wiratno, 2014 kc. 119) salian ti nepikeun informasi, konvérsasi mangrupa prosés tutukeuran pikeun ngawangun pangalaman, norma, ajén jeung pangharepan. Omongan dina paguneman téh mangrupa kagiatan manusa anu rinéka warna tanpa wates, anu hésé ditangtukeun salila pipindahan ti hiji kelompok masarakat ka kelompok masarakat lianna.

Konvérsasi nurutkeun Sudaryat (2014, kc. 116) mangrupa salasahiji tina dua wangun dialog. Wangun dialog séjénna nyaéta tutukeuran. Konvérsasi nyoko kana unit pangluhurna (maksimum) dina kagiatan makéna basa nu dilakukeun ku dua urang atawa leuwih nu ukuran wacanana panjang jeung waktu komunikasi na lila. Ari tutukeuran mangrupa unit panghandapna (minimum) lantaran ukuran wacanana heureut jeung waktu komunikasina sakeudeung. Duanana bisa lumangsung boh dina ragam lisan boh dina ragam tulis. Konvérsasi ngalibetkeun panyatur (panulis), pamiarsa (pamaca), jeung kontak ngaliwatan médium basa atawa tindak tutur. Ku kituna, adegan konvérsasi mangaruhan kana prosés komunikasi, lantaran di jerona aya aturan-aturan nu kudu dikukuhan ku pamaké basa sangkan omonganna komunikatif.

Lantaran museur kana kagiatan konvérsasi, ieu panalungtian milih naskah drama *Jeblog* karya Nazaruddin Azhar. Dialog dina ieu naskah téh bisa dianalisis dumasar kana tiori-tiori katatabasaan, di antarana ngeunaan analisis wanda topik paguneman, patalina antar subjejer omongan dina adegan konvérsasi, pola interaksi konvérsasi sarta dominasi palakuna. Di sagigireun ti éta, ieu naskah drama téh salaku *naskah pinunjul I* dina *Pasanggiri Ngarang Naskah Drama* (Sayémbara Ngarang Naskah Drama Sunda) taun 2007 nu diayakeun ku (PP-SS) Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda (Azhar, 2008 kc.8) anu matak nambahan kapanasaran nu nalungtik kana ieu naskah.

Masalah dina ieu panalungtikan nyaéta kapanggihna paguneman nu has tur mandiri dina naskah drama *Jeblog* karya Nazaruddin Azhar. Sudaryat (2016, kc. 207) nétélakeun yén paguneman mangaruhan kana harti omongan. Conto cutatan paguneman dina babak I:

*Sarwani jeung Dalka neges-neges Burhan, ngarérétan ka sabudeureun.*

*Dalka: “Naon nu katénjo téh?”.*

*Burhan: “Tempokeun sing awas. Mun perlu puseurkeun sakabéh pancadria nu aya di diri aranjeun. Konséntrasi. Pelong ka dieu. Ssst...”.*

*Sarwani: “Boa geus gélo manéh téh, nya naon atuh nu kudu diténjo ku déwék téh?”.*

*Burhan: “Mimitina ukur saukuran kebul, terus beuki luhur, beuki mumbul...”.*

Dina Azhar (2008, kc. 13)

Dumasar kana conto cutatan paguneman babak I, katitén yén maksud omongan panyatur (Burhan) can nepi ka kancamitra (Dalka jeung Sarwani). Lantaran nu di omongkeun ku panyatur teu ka alaman ku kancamitra. Ku kituna, tujuan ieu panalungtikan téh pikeun medar adegan konvérsasi nu patali jeung wanda katut patalina antar subjejer omongan sarta ngaguar pola interaksi konvérsasi nu némbongkeun ciri has tur dominasi palaku anu kapaluruh dina naskah drama *Jeblog*.

Adegan konvérsasi minangka ulikan pragmatik téh lain barang anyar. Panalungtikan ngeunaan adegan konvérsasi nu kungsi aya di antarana (1) “Adegan Konvérsasi dina Karangan Paguneman Siswa Kelas X MIA 2 SMA Labschool UPI Bandung Taun Ajaran 2014/2015” ku N. Rizkia Oktaviani M. dina taun 2015. (2) “Analisis Pragmatis Paguneman dina ‘Barakatak’ *Manglé* Édisi Juli-Agustus 2010 pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” ku Vita Novitasari dina taun 2012.

Panalungtikan di luhur miboga sasaran jeung ieu panalungtikan nyaéta medar ngeunaan adegan konvérsasi dina wacana basa Sunda. Bédana jeung panalungtikan anu baris dilaksanakeun nyaéta panalungtikan nu kungsi aya mah henteu medar sacara wincik pola konvérsasina sarta henteu nangtukeun dominasi palaku dina konvérsasi. Jaba ti éta, minangka objék panalungtikan, naskah drama *Jeblog* karya Nazaruddin Azhar téh miboga tilu palaku utama, upama dianalisis dominasi palakuna tangtu bakal katitén palaku nu leuwih punjul.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan anu judulna “Adegan Konvérsasi dina Naskah Drama *Jeblog* Karya Nazaruddin Azhar” téh penting

pikeun dilaksanakeun. Ari sababna, konvérsasi raket patalina jeung sikep komunikasi antarmanusa anu sakuduna nyingkahan salah tafsir tur salah paripolah.

## 1.2 Rumusan Masalah

Adegan konvérsasi anu diulik dina ieu panalungtikan nyaéta wanda topik paguneman, patalina antar subjejer omongan dina adegan konvérsasi, pola interaksi anu aya dina unggal subjejer omongan sarta dominasi palaku anu kapaluruh dina naskah drama *Jeblog* karya Nazaruddin Azhar. Wanda topik paguneman dina adegan konvérsasi ngawengku topik salancar, topik jembar jeung topik sambung luncat. Pola interaksi bisa dirumuskeun dumasar kana kagiatan konvérsasi sangkan bisa katitén dominasi palaku konvérsasina.

Aya sababaraha masalah anu kaidéntifikasi dina ieu panalungtikan. Contona pola interaksi anu ngacak tur paguneman nu ngabalukarkeun salah tafsir lantaran kurangna pamahaman pamiarsa kana omongan panyatur.

Dumasar kana éta hal, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pananya ieu di handap.

- a. Kumaha wanda topik paguneman dina naskah drama *Jeblog*?
- b. Kumaha patalina antar subjejer omongan dina adegan konvérsasi naskah drama *Jeblog*?
- c. Kumaha pola interaksi konvérsasi dina naskah drama *Jeblog*?
- d. Kumaha dominasi palaku dina adegan konvérsasi naskah drama *Jeblog*?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalah di luhur, tujuan tina ieu panalungtikan téh pikeun ngulik tur ngadéskripsikeun adegan konvérsasi dina naskah drama *Jeblog* karya Nazaruddin Azhar. Salian ti éta, ieu panalungtikan miboga tujuan umum nyaéta pikeun nambahan référénsi tiori anu maluruh jeung medar sacara pragmatik ngeunaan adegan konvérsasi.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan téh pikeun ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta

- a. wanda topik paguneman anu aya dina naskah drama *Jeblog*;
- b. adegan konvérsasi anu aya dina naskah drama *Jeblog* patali antar subjejer omongan;
- c. pola interaksi konvérsasi dina naskah drama *Jeblog*; jeung
- d. dominasi palaku dina adegan konvérsasi naskah drama *Jeblog*.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan aya mangpaatna pikeun élmu pragmatik, utamana pangaweruh ngeunaan adegan konvérsasi patali jeung wanda topik paguneman tur subjejer omongan, pola interaksi konvérsasi sarta dominasi palaku dina naskah drama *Jeblog*.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis mangpaat tina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- a. Pikeun panalungtik, hasil panalungtikan bisa nambahan pangaweruh dina widang kabasaan, utamana ngeunaan adegan konvérsasi.
- b. Pikeun dosén, dipiharep bisa dijadikeun bahan tinimbangan pikeun bahan bacaan anu patali jeung tiori kabasaan utamana dina ulikan pragmatik.
- c. Pikeun mahasiswa, dipiharep bisa méré pangdeudeul dina mata kuliah anu aya patali jeung widang kabasaan, atawa référénsi dina mata kuliah séjén nu aya patalina jeung panalungtikan ilmiah.
- d. Pikeun masarakat, dipiharep bisa dijadikeun bahan pangaweruh kana ajén-ajén sosial jeung moral ngaliwatan téks paguneman anu aya dina naskah drama *Jeblog* karya Nazaruddin Azhar.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan ngawengku lima pedaran nyaéta ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan sarta mangpaat panalungtikan. Tujuan

Via Restu Oktaviani, 2019

Adegan Konvérsasi dina Naskah Drama *Jeblog* Karya Nazaruddin Azhar (Ulikan Pragmatik)  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus. Sedengkeun mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis. Lian ti éta, dina pedaran bab I medar ngeunaan raraga tulisan skripsi sacara sistematis.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan, dina ieu bab dipedar adegan konvérsasi patali jeung wanda topik paguneman jeung patalina antar subjejer omongan, pola paguneman tur dominasi palaku dina adegan konvérsasi.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, sumber panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, eusina ngeunaan analisis wanda topik paguneman, patalina antar subjejer omongan dina adegan konvérsasi, pola interaksi konvérsasi tur dominasi palaku dina adegan konvérsasi naskah drama *Jeblog* karya Nazaruddin Azhar.

Bab V Kacindekan jeung Saran, eusina ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan. Lian ti éta, aya implikasi jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan séjén anu rék ngagarap hal sarupa pikeun panalungtikan saterusna.

